# ДЖЕОРГУЫБА — ФАРНХÆССÆГ, АМОНДДÆТТÆГ!

РЦИ-Аланийы Æрыдоны муниципалон районы газет / Газета Ардонского муниципального района РСО-Алания

РУХС СВЕТ

@РУХС ARDON

ГАЗЕТА ОСНОВАНА В 1939 ГОДУ

2025 АЗЫ ДЖЕОРГУЫБАЙЫ МÆЙЫ 15 БОН САБАТ

15 НОЯБРЯ 2025 ГОДА СУББОТА

№ 127 (12662)

### Дорогие земляки! Поздравляю вас с одним из самых значимых и любимых праздников осетинского народа – Джеоргуыба!

Мы встречаем его с особыми чувствами – он олицетворяет для нас многовековую мудрость предков, незыблемость духовно-нравственных устоев и силу народного единства. В эти дни, как никогда, чувствуется неразрывная связь поколений и традиций, атмосфера радушия и общего торжества наполняет каждый дом Осетии. Мы с чистым сердцем обращаемся к Уастырджи, просим у него здоровья и благополучия для своих близких и родных, мира и процветания для нашей республики, всей огромной страны. Мы также просим у него защиты и благословения для наших доблестных воинов, защищающих национальную безопасность Отечества в зоне специальной военной операции. Их героизм, отвага и благородство вызывают искреннее восхищение и небывалую гордость. Молимся, чтобы ребята вернулись домой живыми и с победой.

Дорогие друзья, желаю вам мира, стабильности, душевного тепла и уверенности в завтрашнем дне! Пусть наши общие труды во славу родной Осетии приносят добрые плоды, а сплоченность и взаимное уважение остаются нашей главной силой и основой для процветания!

Зынаргъ æмзæххонтæ!

Зæрдиаг арфæ уын кæнын Иры кадджындæр бæрæгбон – Джеоргуыбайы фæдыл!

Рæсугъдæй æмæ хъæлдзæгæй уыл цæуæд! Мæ зæрдæ уын зæгъы, цæмæй уæ хæдзæрттæ бæркадджын æмæ фæрнæйдзаг уой, уæ бинонтæ æнæниз æмæ сæрæгас, уæ кæстæртæта – фыдбылызæй хызт!

Амондæй хайджын ут æмæ уын Стыр Хуыцау æмæ Уастырджи ахъазгæнæг уæнт кæддæриддæр!

**Сергей МЕНЯЙЛО,**
**Глава Республики Северная Осетия-Алания.**



## УАСТЫРДЖИЙЫ АРФÆТÆЙ ХАЙДЖЫН УТ!

### Дорогие жители г. Ардона!

В эти дни мы отмечаем любимый праздник — Джеоргуыба. Наша национальная традиция не только дань уважения к истокам нашей духовности, но большое объединяющее начало. Ибо испокон века праздничные три пирога освящали не в узком семейном кругу, а непременно с соседями и друзьями. В воскресенье в домах жителей нашей республики зазвучат тосты и молитвы святому Георгию. Особо будем молиться за наших воинов, отстаивающих интересы России в зоне специальной военной операции. Вся праздничная неделя будет наполнена духом дружбы, сплоченности, нравственности. Надеюсь, что старшие постараются, чтобы молодежь воспринимала этот праздник не иначе, как приобщение к возвышенному, к великой истории наших предков. Желаю каждой семье здоровья и счастья! С праздником вас, дорогие жители Ардона! Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд! Уастырджийы фæдзæхст ут!

**Игорь ХАМИЦЕВ,**
**глава Ардонского городского поселения.**

### Нæ зынаргъ Æрыдоны районы цæрджытæ!

Æрхæццæ нæм кæны Джеоргуыбайы кадджын бæрæгбон, æмæ уæ йæ хорзæх уæд!

Уастырджимæ кувæн къуыри у нæ сæйрагдæр æмæ уарзондæр бæрæгбæттæй иу. Джеоргуыба кæрæдзийыл æнгом бæтты нæ районы æмæ республикæйы цæрæг адæмы хæттытæ, фидардæр кæны нæ иудзинад æмæ хæлардзинад.

Къуырийы дæргъы æппæт Ирыстоны цæрджытæ æмæ зæххы къорийы ирон адæм кувдзысты ирон бæгæныйæ æртыгай чъиритæ. Хуыцау æмæ Уастырджийыл фæдзæхсдзысты сæ бинонты, сæ кæстæрты, курдзысты фарн æмæ амонд, бæркад, æнæниздзинад æмæ сабырдзинад.

Зынаргъ хæлæрттæ!

Зæрдиагæй арфæ кæнæм, цæмæй Уастырджимæ кувæн къуыри Ирæн æмæ Уæрæсейæн æрхæсса сабырдзинад!

Бæлццæтты æмæ æфсæддонты бардуаг — Уастырджи — æххуысгæнæг уæд нæ хъæйтар фæсивæдæн, цæмæй сæ къонатæм уæлахизимæ здæхой!

Азæй-азмæ нæ бæрæгбонылл зæрдæрухс æмæ амондимæ куыд æмбæлæм, фыдбылызæй хызт куыд уæм, ахæм арфæ нæ уæд!

Хуыцау æмæ Уастырджи уын ахъазгæнæг уæнт уæ царды æмæ уæ хъуыддæгты! Арфæгонд ут æмæ уæ бæрæгбоны хорзæх уæд!

**МÆРЗАТЫ Владислав,**
**Æрыдоны районы сæргълæууæг,**
**БАСИТЫ Владислав,**
**Æрыдоны районы администрацийы сæргълæууæг.**

### Æрыдоны районы зынаргъ цæрджытæ!

Æбахæстæг та не стыр бæрæгбон — Уастырджимæ кувæн къуыри. Нæ кадджын, бирææнусон традицитæн аргъ кæнгæйæ, ацы бæрæгбон дзуры фæлтæрты æхсæн фидар бастдзинадыл, ирон адæмы сæйраг хæзнатæ бахъахъæнынил. Нæ сагъæс æдзухдæр кæстæртыл у, кувгæ дæр уыдоны хорздзинадмæ бæлгæйæ фæкæнæм, æмæ хъуамæ не стырдæр бæрæгбоны дæр уой нæ фарсмæ, архайой сæ фыдæлты Фарн кадимæ дарддæр хæссыныл.

Уæдæ ацы кадджын бонты нæ хистæрты æппæт куывдтытæ æмæ фæдзæхстытæ фехъуысæнт Стыр Хуыцау æмæ Уастырджимæ, цæмæй дуне сабыр уа. Ирыстоны, нæ районы алы бинонтæн дæр æрхæссæнт циндзинад æмæ амонд.

Уе 'ппæтæн дæр арфæ кæнын Джеоргуыбайы фæдыл, мæ зæрдæ уын зæгъы æнæниздзинад, æнтыстдзинæдтæ, зæрдæрухс æмæ амондджын ут уæ уарзон адæмимæ.

**ХЪЕСАТЫ Сталбег,**
**«Аланты Ныхасы» Æрыдоны районы хайады сæрдар.**

# Ирон адæмыл фарн æфтауæг бæрæгбон

**Ирон адæм кæддæриддæр уыдысты Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм кувæг адæм. Афтæмæй сын æнкъардтой сæ æргом æмæ фæсаууонмæ æххуыс. Сæ царды фæллойæн аргъ кæныны, зæдтæм æмæ дауджытæм табу кæныны уаг сæм бæрзонд æвæрд уыд. Уымæн æмæ уыцы дыууæ хорзæхы уыдтой стыр уаз нысантæ. Афæдзы дæргъы нæ фыдæлтæм бирæ бæрæгбæттæ уыдис, уыдонæй се 'ппæты кадджындæр у Джеоргуыбайы бæрæгбон.**

**Æмæ та æрхæццæ кæны нæ адæмы уарзондæр, царды зынты нæ ныфс чи у, нæ хорз хъуыддæгтæ, нæ размæ цыд кæуыл фæдзæхсæм, уыцы æргом зæд – Уастырджимæ зæрдиагдæрæй куы фæкувæм, уыцы кадджын бæрæгбон – Джеоргуыба, йемæ æрхæсдзæн алы хæрзтæ æмæ сæ йæ фарнимæ байтаудзæн нæ табуйаг зæххыл..**

**Бæрæгбонæн цы нысаниуæг ис, абоны бон æй куыд бæрæг кæнынц, кæцæй равзæргæ у, уый тыххæй радзырдтой Æрыдоны æхсæнадон организациты сæрдартæ.**



**"Аланты Ныхасы" Æрыдоны районы хайады сæрдар Хъесаты Сталбег:**

– *Ирыстоны горæтты æмæ хъæуты, хæхбæсты æмæ быдыры алчидæр йæхи цæттæ кæны Уастырджийыл хи бафæдзæхсыны изæрмæ. Райсом у галæргæвдæн хуыцаубон, æмæ адæм æмбырдтæ кæндзысты сыхгай, хæдзаргай. Цытджын бæрæгбонмæ кæндзысты кусæрттæ. Къуырийы дæргъы ирон адæм бæркадджын фынгты уæлхъус ардзысты Дунескæнæг Иунæг Стыр Хуыцауы æмæ сыгъзæрин Уастырджийы ном. Кувдзысты, цæмæй нæ бæстæ æрсабыр уа, нæ зæхх фыдбылызæй хызт уа, нæ адæмы цард хуыздæр æмæ фæрныгдæр куыд кæна. Абон Ирыстоны фырттæ тохы быдыры хъахъхъæнынц Уæрæсейы сæрибардзинад, æмæ уыдоны бафæдзæхсдзысты цытджын Уастырджийыл. Цæмæй алы бæлццон дæр сæрæгас æмæ уæлахизимæ сæмбæла йæ хæдзарыл.*

*Ацы бæрæгбон нæм нæ рагфыдæлтæй æрцыд. Уыдон иу сæ фæззыгон куыстытæ куы бакодтой, цæхæрадæтты тыллæг-иу куы систой, фосæн зымæгиуат куы бацæттæ кодтой, сæ бæркæдтæ куы бафснайдтой, уæд-иу, цæмæй сæ зымæг рогæй арвитой, уалдзæджы къухы дзæбæхæй, æнæнизæй бафтой, уый тыххæй-иу къуырийы дæргъы, иу абонæй иннæ абонмæ, бадтысты бæркадджын фынгтыл æмæ куывтой Ирыстонил аудæг æмæ армдарæг – сыгъзæрин Уастырджимæ.*

**Горæт Æрыдоны Ныхасы сæрдар Илаты Феликс**

– *Уастырджимæ кувæн къуыри ирон лæг бæрæг дардта йе 'гъдау æмæ уагæй. Уыдон хъуамæ алы адæймагæн дæр йæ туджы уой. Уымæн æмæ садзгæ зондæй зонд нæй. Нæ фыдæлтæ Уастырджийы бонты æвзæр ныхасæй дæр тарстысты, хъæр, æлгъитгæ æмæ-иу хылтæ ничи кодта. Суанг дæ хъуыдытæ дæр хъуамæ уой сыгъдæг. Куывд-иу кæмæ уыд, уый иу райсомæй йæ бинонты бафæдзæхста: мацæмæй фæрæдиут, нæ хæдзары æртæ кæрдзыны уыдзæн, зæгъгæ. Архайдтой, цæмæй кувинæгтæ сыгъдæгæй дзуармæ фæхæццæ уой, цæмæй бæрæгбон рæсугъдæй ацæуа. Ныртæккæ, хъыгагæн, фæлтæртæ куыд ивынц, афтæ ивы сæ ахаст фыдæлты рагон æгъдæуттæм дæр. Зæгъæм, ис ахæмтæ, æмæ бæрæгбоны кæрдзынтæ йæ хæдзары скæныны бæсты сæ цæттæйæ балхæны. Уымæн гæнæн нæй. Хæдзары фарн, бæркад æфсины къухтæй цæуынц, æмæ уый рæсугъд зæрдæимæ, сыгъдæг хъуыдытимæ хъуамæ йæхæдæг скæна кувинæгтæ. Хъуамæ балæггад кæна канд йæ хæдзарæн нæ, фæлæ кæй номыл конд цæуынц, уыцы зæдæн.*

*Æгъдау хистæрæй цæуы, фæзæгъынц. Уыдон хъуамæ кæстæртæн уой фæзминаг. Бæрæгбоны æгъдау сын хъуамæ æмбарын кæной канд ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй дæр. Фыццаджыдæр та уый, æмæ Джеоргуыбайы бон канд бæркад æмæ бæрæчетыл дзурæг нæу, фæлæ адæмы хæрзæгъдаудзинад равдисынил дæр. Бæрæгбоны карз нозтæй кувын не 'мбæлы. Нæ фыдæлтæ сæ чындзæхсæвты, куывдты æмæ бæрæгбæтты Хуыцау æмæ йе сконд зæдты нæмттæ ардтой, Нартæй нæм цы нуæзт æрхæццæ, уымæй – бæгæныйæ. Бæрæгбоны расыг фæуын, кæнæ ноздзуан зилын худинаг у. Нæ фыдæлтæ бирæ бахæрынæй сæхи куыд хызтой, афтæ бирæ бануазынæй дæр.*

**Æрыдоны районы ветеранты Советы сæрдар Бадриты Мырзабег.**

– *Джеоргуыба фылдæр хатт райдайы ноябры æртыккаг хуыцаубоны æмæ ахæссы къуыри. Йæ æрвитæн æхсæв декабрмæ хъуамæ ма ахиза, уый дæр хъуамæ уа ноябры. Ацы аз нæ сых бæрæгбон бæрæг кæнын райдайдзысты 16-æм ноябры, хуыцаубоны. Уæд уыдзæн галæргæвдæн – йæ ном йæ уæлæ, гал чи снывонд кæны, уый йæ хуыцаубоны аргæвды, адæмы фæхоны æмæ бæрæгбон уымæй райдайы. Къуырисæры та фыстæ чи снывонд кæны, уыдон сæ аргæвдынц. Изæрæй райдайы Уастырджимæ кувæн æхсæв. Кусарт куы акæнынц, уæд разваг хуылфыдзаумæттæй скæнынц физонæг, хæдзары æфсинтæ та чъиритæ, семæ, уыцы бонмæ цы бæгæны сфыцынц, уый. Афтæмæй сæ скувынц. Фынгыл не мбæлы бырынкъджын æмæ маргъы дзидза æвæрын, уыдон сыгъдæг хорыл нымад не 'сты. Дыккаг Хуыцаубон сæхи Уастырджийыл бафæдзæхсынц, къуырисæры изæрæй та у йе 'рвитæн æхсæв. Зæгъынц, къуырийы дæргъы, дам, Ирыстоныл, ирон адæмыл фæуары Хуыцауы хæрзтæ. Къуырисæры, йæ æрвитæн æхсæвы та, атæхы йæ базырджын бæхыл Хуыцауы размæ. Æмæ ма, дам, æртæ касты фæстæмæ фæкæны, æмæ ма Хуыцауы хæрзтæй цы аззайы, уыдон дæр уæд ракалы Ирыстонмæ. Йæ æрвитæн æхсæвы кувæг лæг уыцы хæрзтæй дæр фæкуры йæ бинонтæн, бадты адæмæн.*

*Ныртæккæ арæх фæфæрсынц, кæцæй æмæ куыд равзæрд ацы бæрæгбон. Уый тыххæй æз бирæ таурæгъæ фехъуыстон. Иутæ зæгъынц, Джеор æмæ Гуыба ус æмæ лæг кæй уыдысты. Иннæтæ дзурынц, Джеор æмæ Гуыба кæй уыдысты дыууæ æрдхорд æфсымæры. Чырыстон динмæ гæсгæ та ацы бæрæгбон у Уаз Георгийы номимæ баст.* ***Цгъойты Хазби*** *куыд зæгъы, афтæмæй ном Джеоргуыба конд у чырыстон дины сыгъдæг уд — æрыгон хæстон лæг Георги æмæ гуырдзиаг дзырд оба – бæрæгбонæй. Ома, Джеорг (Георг) уыба (оба) — Джеоргуыба — Джеоры бæрæгбон. Бæрæг у, чырыстон дин Ирыстоны цы гуырдзиаг сауджынтæ парахат кодтой, уыдон зæрдиагæй кæй бакуыстой, уый. Уыдон архайдтой нæ фыдæлты дин ын йæ быны фæкæнынил. Уый тыххæй ирон бæрæгбæттимæ бастой чырыстон бæрæгбæттæ. Æз та мæ фыдæлтæй æмæ зæронд хъæуы (зæронд хъæу Æрыдоны хонынц Тæргайдон æмæ Астæудоны рахизфæрсты цы цæрæнбынæттæ ис, уыдон) хистæртæй куыд фехъуыстон, афтæмæй ацы бæрæгбон баст у Уастырджиимæ. Ирон лæг уымæ кувы, табу йын кæнгæйæ, кæд бæрæгбонмæ гуырдзиаг æвзаджы æмæ чырыстон дины тæваг фæхæццæ æмæ йæ Джеоргуыба хонын райдыдтой, уæддæр.*

Нæ фыдæлтæ Уастырджимæ кувынæн къуыри кæй снысан кодтой, уый тыххæй нæ куырыхон хистæр, зынгæ этнограф Цгъойты Хазби афтæ зæгъы: "Хуыцауы сконд дзуæрттæ æмæ дауджыты 'хсæн уæлдай кадджындæр бынат ахсы Уастырджи – нæлгоймæгты бардуаг (сылгоймæгтæ йын йæ ном дзургæ дæр нæ кодтой, хуыдтой йæ Лæгты дзуар), бæлццæтты, хæстонты фæндарастгæнæг, мæгуыртæн æххуысгæнæг, кæстæрты раст фæндагыл æвæрæг. Ирон адæмæн у сæ уарзондæр, кадджындæр зæд. Хонынц æй дыууæрдæм минæвар Хуыцауæй ирон адæмы хсæн. Стыр Хуыцауы фæстæ Уастырджи ирон динон дунеæмбарынады ахсы дыккаг бынат. Цæры уæларвы. Æрмæстдæр уымæн ис Хуыцауы раз хъуыддаджы фæдыл балæууын. Æмæ Хуыцаумæ сæ курдиат бабар кæнынц уымæн, Уастырджийæн. Ирон лæг йæ зын сахаты дæр æмæ йæ рæмон хъуыддаджы райдианы дæр йæхи фæдзæхсы Уастырджийыл. Æмæ æуууæнды, кæй æрбалæуудзæн йæ фарсмæ кæнæ йын Хуыцауæй фæрæстмæйы хорздзинад кæй ракурдзæн.

Уастырджи у рæстаг зæд, мæгуырты æмæ рæстдзинады сæрыл тохгæнæг. Уый, дам, æххуысмæ уайтагъд фæзыны, йæ ном ын куы сдзурай, уæд. Тынг дзы стъæлфынц фыдгæнджытыл аудæг бардуагтæ, дæлимонтæ. Йæ ехсы къæрццæй авд дæлдзæхы кæнынц. Уый хъæддзауты, хосдзауты, цуанæтты, бæлццæтты хъахъхъæны Сау барæгæй, абырджытæй, фыдгæнджытæй, хæрам тыхтæй.

Уастырджи у бæрзондыл бадæг зæд. Уазайы цъуппыл æмæ Хъæриуы хохыл зæдты бадты хистæр. Бæрзондæй фæлгæсы зæххы кæрæттæм дæр; йæ хъус дары адæмы цардмæ, æмæ сын æй рæстытæ кæны, йæ цæст дары фыдæххæссæг тыхты архайдмæ æмæ сæ къуылымпы кæны, йæ азар сыл æфтауы, йæ цæхæрæй сæ судзы. Куы бахъæуы, уæд зæхмæ адæммæ дæр æртæхы йæ базырджын æхсырхуыз урс бæхыл. Йæ бæхы йын ирон адæм рагæй-æрæгмæ хонынц æртæкъахыг. Æвæццæгæн, растдæр та у æрткъахыг (Арт – æрт: æртхурон, æртхуыз, æртдзых). Уымæн æмæ йæ цæфхæдтæ цæхæркалгæ арт уадзынц. Æртæкъахыг бæх у сахъат бæх. Сахъатдзинад та хабархæссæг зæдимæ баст хъуамæ ма уа.

Уастырджи уæларвæй Иры зæхмæ æххуысмæ куы æрцæуы, уæд кæм æрбады, уыцы бынæттæ свæййынц кувæн, дзуары бынæттæ. Афтæ равзæрдысты Хетæджы, Къобы, Дзывгъисы, Рекомы, Джеры, Хурхоры, Дыгуры, Ныхасы æмæ æндæр рæтты Уастырджимæ кувæндæттæ.

Уастырджийы фæлгонц нæ ахуыргæндтæ баиу кодтой скифты фыдæл Таргитаимæ. "Уымæй сæ равзæрд ныманйынц скифтæ, æмæ куы амард, уæд Хуыцауы цурмæ ацыд", – "фыссы историйы фыд **Геродот**. Куывтой йæм нæ рагфыдæлтæ – скифтæ. Сæ нæмттæ Таргитай æмæ Уастырджи дæр сты иу. Тарги + тай æмæ Уаз + тарги Таргитайы тай" у рагон бердзенаг дзырды кæрон, Уастырджийы та разæфтуан "уаз" ирон дины амоны, уæларвон кæй у, уый.

Адæм æй федтой арвыл тæхгæ дæр æмæ уæлвонгæй дæлæмæ кæсгæ дæр. Вæййы тæмæнтæкалгæ уæлæдарæсы, ехс йæ къухы. Урс зæлдагзачъе зæронд лæг. Адæммæ йæ каст вæййы рæвдаугæ, фыдгæнджытæм та – æгъатыр, æфхæргæ. Æгæр кæнæгæн нæ бары æмæ йын фаг у йæ иу тызмæг бакаст дæр. Йæ ехсы цъыкк та арвы цæфæй у карздæр"

Уастырджи ирон адæмы уарзондæр зæд кæй у, уымæн æвдисæн сты йæ номимæ баст таурæгътæ, кадджытæ, ноджы йæ фырбуцæй хонынц "Сыгъзæрин Уастырджи", "Хъæбатыр Уастырджи", "Зæринбазыр Уастырджи", кæнынц ыл зарджытæ.

Адæмæн уарзон æмæ адæмыл зæрдиаг аудæг у рагæй дæр зæлдагзачъе Уастырджи. Иухатт та йæхи зæхмæ æруагъта, адæм куыд цæрынц, цы хъуаг сты, цæмæй сын баххуыс уа, уый базоныны тыххæй. Кæсы, æмæ зæххыл цард цæджджинагау фыцы. Адæм цæрынц фæрныг æмæ райдзаст хæдзæртты. Куывдты æмæ чындзæхсæвты уынæр ивылы сахартыл æмæ хъæутыл. Фынгтыл диссаджы бæркад-бæрæчет. Адæм цин кæнынц Уастырджийыл, хонынц æй сæ фынгтæм æмæ дзы курынц:

– Дæ фæрцы у нæ цард! Хъуаг ницæмæй æййафæм, ницæмæй хъаст кæнæм. Æрмæст ма нын алкæмæн дæр йæ мæлæты бон куы базонын кæнис. Цæмæй цы цæрæм, уыцы рæстæг хуыздæр æрвитæм.

Уастырджи сын загъта, уый зонын уæ нæ хъæуы, зæгъгæ, хорзæй уын ницы æрхæсдзæн. Фæлæ йæм нæ байхъуыстой, сæ курдиат-бæллиц тыхджындæр разынд, æмæ сын Уастырджи радта сæ мæлæн бон зоныны хъомыс, стæй йæ æртæкъахыг бæхыл æврæгъæй фæуæле.

Рацыд иу дзæвгар рæстæг. Дыууæ фæлтæры кæрæдзи аивтаиккой, афтæ Уастырджи сусæны мæйы сфæнд кодта, йæ мæлæн бон чи зоны, уыцы адæмы бабæрæг кæнын, цы фесты, куыд цæрынц, уый базонын. Æрхызт зæхмæ. Цæуы, фæлгæсы фæйнæрдæм æмæ уыны: иу лæг хуымон ног карст кæрдæгæй аразы ницы-мацы халагъуд, лыстæнæн дæр дзы калы хуылыдз кæрдæг. Дзуры йæм Уастырджи.

– Байрай, хорз лæг! Ацы æнтæфы цы кусыс?

– Мæхицæн хæдзар аразын.

– Кæрдæгæй хæдзар цасы фаг у. Хуылыдз лыстæныл та райсоммæ куы фæхуыссай, уæд фæрынчын уыдзынæ.

– Уадз æмæ фæрынчын уон. Уæддæр райсом мæлгæ кæндзынæн. Хæдзар дæр æхсæвмæ фаг у, райсом мæ фæстæ дур дæр мауал уæд.

Уастырджи рамæсты, йæ бæх ехсæй æркъæрцц ласта æмæ дæлæ фæтæхы. Æрзылд хъæутæ æмæ сахартыл. Ныдздзæллаг, сæгомыг сты. Хæдзар дæр хæдзары хуызæн нал у, адæм цыдæр хæлццæгты цæрынц, ног хæдзар ничиуал аразы, зæрæдты цалцæг нал кæнынц. Хъæлдзæг ныхас никæцæй хъуысы. Адæмы цæсгæмттæй мидбылхудт фæлыгъд, æрхуым, сагъæссаг, мæрдон цæстæнгас æвдисынц. Зарæг бамыр бæстыл.

Йæ размæ рацыдысты адæмы хистæртæ, сæ зонгуытыл æрлæууыдысты. Æрхатыдысты йæм лæгъстæгæнгæ: "Дæ сæрыл хаст фæуæм, Уастырджи, ныббар нын нæ рæдыд хъуыды. Нæ раздæры уаджы нæ фæстæмæ сæвæр. Нæ нæ хъæуы нæ мæлæн бон зонын. Зыдтам, зæххон цард æнæ мæлæт нæу, фæлæ адзал ницæмæ дардтам, мæлæт ныл кæй нæ фæтых уыдзæн, уый ныфсæй цардыстæм. Зарджытæ æмæ хæдзæрттæ арæзтам æнустæм. Ныр нын нæ мæлæн боны зонындзинад нæ ныфс, нæ хъару асаста, байста нын нæ хæлæртты, не знæгты, нæ фæстагæтты. Цæрын нæм нал цæуы. Айс нын хъаймæтхæссæг зонындзинад, ратт нын цардмæ, нæ фидæнмæ уарзондзинад". Уастырджи сразы сæ фæндоныл, æмæ та адæм райдыдтой аразын галуантæ, цæрæццаг зарджытæ æмæ кадджытæ.

**Æрмæг бацæттæ кодта**
**СИХЪОТЫ Мæринæ.**

## Уастырджимæ скуывд

***– О, Дунескæнæг Цытджын Хуыцау, табу де стырдзинадæн! Дæумæ кувæг стæм, æмæ нæ дæ хорзæх уæд! Де сконд зæдтæ æмæ дауджытæн дæр — табу! Ахъазгæнæг нын уæнт!***

***– Уæ, сыгъзæринбазыр Уастырджи, табу дæхицæн!***

***– Хуыцауæй ирон адæммæ, ирон адæмæй Хуыцаумæ – дыууæрдæм минæвар дæ, Хуыцаумæ фæндаг дын уæгъд у, æмæ-иу курдиаты бон йæ хорздзинæдтæй нæ адæмы фæхайджын кæн.***

***– Ирон адæмы дæ рахиз базыры бын дар!***

***– Рæстæрдæм сыл ауд!***

***– Хуыцауы фыдæхæй сæ хъахъхъæн!***

***– Йæ хорзæх сыл тау!***

***– Ды роды гал кæныс, байраджы — бæх, лæппуйы — лæг, æмæ нæ кæстæртæ — де уазæг!***

***– Фыдбылызæй сæ бахиз!***

***– Бынаты æмæ фæндагыл дæр кæддæриддæр дзæбæх куыд уой, уыцы арфæ сын дæ цæст бауарзæд!***

***– Уæ, зæлдагбоцъо уæларвон Уастырджи, зæхмæ ирон адæммæ Хуыцауы разæй ратæхыс, æмæ де 'рбадæн бынæттæ алы ран дæр кувæндæттæ систы.***

***Ирон адæммæ цытджын дæ, сæхи дыл фæдзæхсынц, æмæ сæ дæ хорзæх уæд!***

***– Лæгты дзуар дæ, æмæ Ирыстон лæгхъуаг макуы ныууадз!***

***– Хетæджы Уастырджи, –Тымбылхъæды дзуар, ирон адæмы Цæгатæй-Хуссармæ, Хурыскæсæнæй Хурныгуылæнмæ иу кæныс, фарн сыл æфтауыс, æмæ табу дæхицæн!***

***– Сæ ныфс дæ, нымдгæнгæ дæ бынмæ кувынмæ, хорздзинад курынмæ цæуынц, æмæ сæ-иу курдиаты рæстæг дæ хорзæх уæд!***

***– Нæ зæххыл сабырдзинад куыд æрфидар уа!***

***– Адæм кæрæдзимæ æхцайы цæстæй æмæ топпы кæсæнæй куыд нал кæсой!***

***– Се 'хсæн хæрзаудæны æнкъарæн куыд фæтыхджындæр уа!***

***– Алыхуызон адæмтимæ у нæ цард, æмæ кæрæдзийы куыд æмбарæм, æмдзæринæн куыд бæззæм, уымæн ахъаз бакæн!***

***– Ирыстон, ирон адæм фыдохы цаутæй, фыдбылызы хабæрттæй хызт куыд уой!***

***– Нæ фæсивæды тыхы сæр куыд никуыуал бахъæуа! Зонд æмæ арæхстдзинадæй дунейы дæр уæлахизтæ куыд кæной. Тар хъæды бæлæстау æнгом куыд уой! Цардыл сæ бафтау! Фылдæрæй-фылдæр куыд кæной! Нæ омменгæнджыты цæрæццаг хъæлæс арвмæ куыд хъуыса!***

# Джеоргуыбайы бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!

*Дорогие мои односельчане! От всего сердца поздравляю вас с праздником Джеоргуыба! В течение недели в каждом доме люди с надеждой будут просить покровителя Осетии — Святого Георгия — охранять нашу землю от беды и зла, даровать ей мир, покой и благополучие. Так пусть же этот светлый праздник укрепит наши добрые дела! Пусть Святой Уастырджи хранит и оберегает каждую семью, всех наших воинов – участников специальной военной операции. Счастья, здоровья и благоденствия всем вам! Амондджын ут æмæ уыл рæсугъд бæрæгбæттæ цæуæд, мæ зынаргъ æмхъæуккæгтæ!*

**Элла КАЛОЕВА, глава АМС Мичуринского сельского поселения.**

*Дорогие жители селения Красногор! На землю Осетии вновь пришел светлый праздник Джеоргуыба. В наше нелегкое время он воодушевляет людей своим лучезарным оптимизмом, дарит радость, возможность общения с родными и близкими, с теми, кто нам дорог. В такие дни мы особенно остро ощущаем взаимопонимание, чувство братства и единения. Пусть златокрылый Уастырджи оградит нас от всяческих бед и невзгод, будет для нас заступником и помощником во всех наших делах. Мира, добра, изобилия в ваших домах. Джеоргуыбайы хорзæх уæ уæд, мæ зынаргъ æмхъæуккæгтæ! Афæдзæй-афæдзмæ амондджын бæрæгбæттæ куыд кæнæм, уыцы хорзæх нæ уæд!*

**Марат ЦОМАЕВ, глава АМС Красногорского сельского поселения.**

*Фарн уæм бадзурæд, Фыййаджыбылы цæрджытæ, æмæ фæрнджын, амондджын ут! Зæрдиаг арфæ уын кæнын Джеоргуыбайы бæрæгбоны фæдыл. Ирондзинадыл кæддæриддæр æнувыд уыдысты нæ хистæртæ, уыцы рæсугъд æгъдæуттæ дарддæр хæссынц хъæдгæеройнæгты ног фæлтæртæ. Уадз æмæ фидардæр, тыхджындæр кæна нæ хæлардзинад, бинонты æнгомдзинад. Алчидæр*



*зæрдæрухс уæд йæ кæстæртæй, æнæнизæй, амондджынæй цæрут æмæ уыл рæсугъд бæрæгбæттæ цæуæд!*

**ПЛИТЫ Валодя, Фыййаджыбылы администрацийы сæргълæууæг.**

*Зынаргъ Нартыхъæуы цæрджытæ! Бæрзонд Уастырджи нæ уарзон хъæубæстæн æххуысгæнæг уæд! Иууылдæр архайæм нæ фыдæлты фарнæй фæхайджын уæвыныл æмæ йæ кадимæ дарддæр хæссыныл. Алы сыхбæстæ, алы бинонты дæр фарн æмæ хæлæрдзинад æрцæрæнт. Æнæниздзинадæй хуыздæр ницы ис æмæ дзы хайджын ут, уæ фæззæджы тыллæгæй куывдтæ æмæ чындзæхсæвтæ кæнут!*

**ГУСАТЫ Ибрагим, Нартыхъæуы администрацийы сæргълæууæг.**

*Бæрæгбоны арфæ Рассветыхъæуы цæрджытæн!*

*Ирыстоны æппæты кадджындæр бæрæгбоны мæн фæнды зæрдæбын арфæ ракæнын мæ хъæубæстæн. Цæмæй сабырдзинад уа зæххыл, бæркад æмæ цины хъуыддæгтæ алкæйы къонайы дæр, æхæм амонд рухс Джеоргуыбайы кувæн бонтæ æрхæссæнт нæ адæмæн.*

*Мæ зæрдæ уын зæгъы бирæ æнтыстдзинæдтæ, фидар æнæниздзинад, кæстæрты амонд. Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд æмæ Уастырджийы фæдзæхст ут!*

**БИРÆГЪТЫ Вадим, Рассветыхъæуы администрацийы сæргълæууæг.**

*Арфæ Къостайыхъæуы æмæ Цымытийы цæрджытæн!*

*Нæ кадджын, нæ уарзон бæрæгбон нын бирæ хорздзинæдтæ, бирæ амонд хæссæг фæуæд! Зын рæстæджытæ скодта нæ бæстæйыл, æмæ нæ буц хистæрты куывд Хуыцаумæ фехъуысæд, сабырдзинад æрцæрæд зæххыл. Уастырджимæ кувæн къуыри алы хæдзары дæр бацæттæ кæндзысты рæсугъд фынгтæ. Фæсидæм нæ кæстæртæм дæр æмæ сын бацамонæм хорз æгъдау, цæмæй сæ уæм буц æмæ сæрыстыр. Бæрæгбоны хорзæх уæд не ‘ппæты дæр!*

**ДЗАПАРТЫ Арсен, Къостайыхъæуы администрацийы сæргълæууæг.**

*Æрхæццæ нæм кæны æнæхъæн афæдз Иры дзыллæтæ цы кадджын бæрæгбонмæ фенхъæлмæ кæсынц, уыцы Сызгъæрин Уастырджимæ кувæн къуыри. Æмæ уый фæдыл зæрдиаг арфæтæ кæнын мæ уарзон, мæ рæсугъд Кировыхъæуы æмæ районы цæрджытæн. Мæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад, бинонты амонд, кæстæрты рæсугъддзинад æмæ царды уæлахиздзинад. Уæ сыгъдæг зæрдæты цы бирæ фæндтæ ис, уыдон уæ къухы бафтæнт! Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!*

**КОЗАТЫ Дзамболат.**

## ПРОГРАММА ТЕЛЕПЕРЕДАЧ С 17 НОЯБРЯ ПО 23 НОЯБРЯ

### Понедельник

**17 НОЯБРЯ**
**ПЕРВЫЙ КАНАЛ**

05.00 Доброе утро
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
**22.00 Т/с “Враг у ворот” 16+**
00.10 Время героев 16+
01.10, 03.05 Подкаст. Лаб 16+

**“РОССИЯ-1”**

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Местное время
09.55 "О самом главном" 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
**14.30, 02.15, 03.30 Т/с "Каменская" 16+**
17.00 Малахов 16+
**21.30 Т/с "Тайны следствия" 16+**
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### Вторник

**18 НОЯБРЯ**
**ПЕРВЫЙ КАНАЛ**

05.00 Доброе утро
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
**22.00 Т/с “Враг у ворот” 16+**
00.15, 03.05 Подкаст. Лаб 16+

**“РОССИЯ-1”**

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Местное время
09.55 "О самом главном" 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
**14.30, 02.15, 03.30 Т/с "Каменская" 16+**
17.00 Малахов 16+
**21.30 Т/с "Тайны следствия" 16+**
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### Среда

**19 НОЯБРЯ**
**ПЕРВЫЙ КАНАЛ**

05.00 Доброе утро
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
**22.00 Т/с “Враг у ворот” 16+**
00.15, 03.05 Подкаст. Лаб 16+

**“РОССИЯ-1”**

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Местное время
09.55 "О самом главном" 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
**14.30, 02.15, 03.30 Т/с “Каменская” 16+**
17.00 Малахов 16+
**21.30 Т/с “Тайны следствия” 16+**
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### Четверг

**20 НОЯБРЯ**
**ПЕРВЫЙ КАНАЛ**

05.00 Доброе утро
09.00, 12.00, 15.00, 18.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
**22.00 Т/с “Враг у ворот” 16+**
00.15 К 100-летию со дня рождения великой балерины. “Майя Плисецкая. Фурия танца” 12+
01.15, 03.05 Подкаст. Лаб 16+

**“РОССИЯ-1”**

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Местное время
09.55 "О самом главном" 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
**14.30, 02.15, 03.30 Т/с “Каменская” 16+**
17.00 Малахов 16+
**21.30 Т/с “Тайны следствия” 16+**
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### Пятница

**21 НОЯБРЯ**
**ПЕРВЫЙ КАНАЛ**

05.00 Доброе утро
09.00, 12.00, 15.00, 18.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15 Время покажет16+
14.00, 17.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.40 Человек и закон 16+
19.45 Поле чудес 16+
21.00 Время
21.45 Голос. Дети. Новый сезон 0+
**23.55 Х/ф “История моей жены” 16+**
02.45 Подкаст. Лаб 16+

**“РОССИЯ-1”**

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Местное время
09.55 "О самом главном" 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
**14.30 Т/с “Каменская” 16+**
17.00 Прямой эфир16+
21.30 Ну-ка, все вместе! 12+
00.25 Истории большой страны 12+
**01.25 Х/ф “Бумажный самолетик” 12+**

### Суббота

**22 НОЯБРЯ**
**ПЕРВЫЙ КАНАЛ**

05.00 Доброе утро. Суббота 12+
09.00 Умники и умницы 12+
09.45 Слово пастыря 0+
10.00, 12.00, 18.00 Новости
10.15 К 100-летию со дня рождения великой балерины. “Майя Плисецкая. Фурия танца” 12+
11.10 Вспомнить все
12.15 Поехали!12+
13.10 Спецпроект. 30 лет вместе 16+
15.30 Горячий лед. Фигурное катание. Гран-при России 2025 г. Этап V. Короткая программа 0+
16.55 Кто хочет стать миллионером? 16+
18.20 Сегодня вечером 12+
21.00 Время
21.35 Что? Где? Когда?16+
22.55 Команды 16+
23.55 Д/ф “Нам Джун Пайк. Луна — первый телевизор” 18+
01.50 Подкаст.Лаб 16+

**“РОССИЯ-1”**

05.00 Утро России. Суббота 12+
08.00 Местное время. Суббота
08.35 По секрету всему свету 12+
09.00 Формула еды 12+
09.25 Пятеро на одного 12+
10.10 Сто к одному 12+
11.00, 14.00,17.00, 20.00 Вести
11.30 Наши. Военкоры 12+
12.00 Доктор Мясников 12+
13.00 Большие перемены 12+
14.30, 20.50 Вести. Местное время
14.50 Юморина-2025 16+
17.50 “Привет, Андрей!” 12+
**21.00 Х/ф “Между голосом и эхом” 16+**
**00.50 Х/ф “ЗАГС” 12+**

### Воскресенье

**23 НОЯБРЯ**
**ПЕРВЫЙ КАНАЛ**

06.00, 10.00, 12.00, 18.00 Новости
06.10 Играй, гармонь любимая! 12+
06.55 Часовой 12+
07.25 Здоровье 16+
08.30 Золотая коллекция “Союзмультфильма” 0+
09.10 Непутевые заметки 12+
09.30 Мечталлион. Национальная лотерея 12+
10.15 Жизнь других 12+
11.05 Повара на колесах 12+
12.15 Будем жить! 16+
13.10 Видели видео? 0+
14.35 Горячий лед. Фигурное катание. Гран-при России 2025 г. Этап V. Произвольная программа. Заключительный этап 0+
16.10 Праздничный концерт ко Дню работника транспорта 12+
**19.00 Х/ф “Две звезды” 12+**
21.00 Время
23.00 К 80-летию начала Нюрнбергского процесса. “Приговор” 16+
00.05 Подкаст.Лаб 16+

**“РОССИЯ-1”**

**05.25, 01.40 Х/ф “Посторонняя” 12+**
07.20 В кругу друзей 12+
08.00 Местное время. Воскресенье
08.35 Когда все дома 12+
09.25 Утренняя почта 12+
10.10 Сто к одному 12+
11.00, 14.00, 17.00 Вести
11.30 Наши. Военкоры 12+
12.00 Доктор Мясников 12+
13.00 Судьба человека с Борисом Корчевниковым 12+
14.30 Вести. Местное время
15.00 Измайловский парк. Большой юмористический концерт 16+
17.00. 19.00 Песни от всей души 12+
18.00 Всероссийский открытый телевизионный конкурс “Синяя птица” 12+
20.00 Вести недели
22.30 Москва. Кремль. Путин 16+
23.00 Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым 12+

**25**

**НОЯБРЯ 18.30**

ГОСУДАРСТВЕННАЯ ФИЛАРМОНИЯ
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ - АЛАНИЯ

ул. Иристонская, 3

6+



**БОЛЬШОЙ БЛАГОТВОРИТЕЛЬНЫЙ КОНЦЕРТ В ПОДДЕРЖКУ НАШЕЙ ЗЕМЛЯЧКИ ИРИНЫ ХАБАЛОВОЙ**

# САМОЕ ВРЕМЯ ЖИТЬ

Ведущие: **Алан Бирагов и Мазлоева Стелла**

**В КОНЦЕРТЕ УЧАСТВУЮТ:**

JAH-FAR, Олег Тайсаев, Алла Хадикова, ГРУППА АРТРИО, Нодар Гуцати, Римма Илурова, Алан Царикаев, Рима Царикати, Марина Хутугова, Сухраб Будачийти, Сослан Дзуцев, Георгий Уртаев, Группа «Фидан», Фатима Хаблиева, Эльвира Кусова, Светлана Габуева, Диана Козырева, Образцовый ансамбль народного танца «Бикар», Ира Хидирова, Арсен Тавитов, Шота Багаев, Василий Кудухти, Мадина Зангиева, Алан Бедоев, Образцовый художественный коллектив «Иры стъалытæ», Азамат Сидаков, Бондарева Эвелина, Хаблиева Илона, Томаева Милана

Возможно изменение в составе Артистов, за подробной информацией обращаться по указанным номерам

**Билеты можно приобрести во Владикавказе в кассе госфилармонии (справки по тел. 8(8672)51-67-31, 8-918-831-82-37), а также в Ардоне — в кассе районного Дворца культуры (справки по тел. 8-988-875-90-34).**


## КОРОТКО

**УВЕКОВЕЧИТЬ ПАМЯТЬ.** Возле стадиона «Динамо» установят памятник основателю осетинской школы вольной борьбы **Асланбеку Дзгоеву**. Автором станет скульптор Ибрагим Хаев. Такое решение было принято на заседании городской топонимической комиссии. В то же время все члены единогласно выступили с предложением к инициативной группе пересмотреть и доработать композиционное решение монумента. Также детской школе искусств присвоят имя первой профессиональной осетинской пианистки, заслуженного работника культуры России и Северной Осетии **Заремы Лолаевой**.

Кроме этого, имя выдающегося педагога и заслуженного учителя России **Жанны Цуциевой** увековечат на памятной доске, которая появится на здании центра психолого-педагогической реабилитации и коррекции по ул. Интернациональной, 24 Сквер на ул. Весенней официально назовут именем российского врача-хирурга **Николая Пирогова**, чей памятник уже установлен на этой территории. Также комиссия рассмотрела вопросы присвоения наименований новым улицам в садовых товариществах.


## МАГАЗИН ГОТОВОЙ КУХНИ "ГУРМАН"

***Поздравляет жителей Ардона с праздником Джеоргуыба и предлагает широкий ассортимент продукции.***

***Магазин "Гурман" это:*** *готовая кухня, продукты, прием заказов на различные мероприятия*
***Готовая кухня это:*** *завтраки, обеды комплексные, пироги всех видов, три ребра, куры, салаты в ассортименте, соленья, рыба всех видов и многое другое.*
**Цены на осетинские пироги: къабускаджын — 220 руб., картофджын – 220 руб., хъæдурджын — 220 руб., насджын — 250 руб., цæхæраджын — 250 руб., уалибæх — 250 руб, фыдджын — 500 руб.**
А самое главное — вы почувствуете в "Гурмане" вкус домашней еды!
**Наш адрес: ул. Пролетарская, 90 "В". Тел. 91-47-77, 8-918-821-47-77.**



**АФИША КИНОЗАЛА АРДК С 13 ПО 19 НОЯБРЯ:**
**ИЛЛЮЗИЯ ОБМАНА-3 (16+); КРОЛЕЦЫП И СУРОК ВРЕМЕНИ (6+, анимационное приключение); ЯГА НА ВСЮ ГОЛОВУ (6+, комедия, семейный); ПАПИНЫ ДОЧКИ. МАМА ВЕРНУЛАСЬ (16+, комедия).**
**Цена билета 150 руб.**
**Подробнее по тел.: 8(86732)3-16-55.**



**УСЛУГИ**

**Вспашка огородов японским мини-трактором** "Фреза". Ширина заезда — 1 м. 50 см.

**Пахота плугом** трактором "Беларус".

**Тел. 8-919-421-95-68, Аца.**

***

**Качественная настройка газовых и электрических духовок** под быструю выпечку осетинских пирогов. Гарантия.

**Тел. 8-918-827-36-36, Валерий.**

**ПРОДАЕТСЯ**

**Дом** близко к центру по ул. Гагарина.

**Дом** в районе больницы.

**Тел. 8-918-707-78-22, 8-928-072-94-90**

***

**Мед натуральный,** 100% качества. Майский-акация, липа горная, разнотравье. Цены ниже рыночных. Доставка на дом от 3-х литров.

**Тел. 8-928-686-81-39 8-906-489-56-77.**



**НА КАРЬЕР СРОЧНО ТРЕБУЮТСЯ:**
**экскаваторщик, дробильщик-разнорабочий.**
**Тел. 8-918-702-25-37.**



**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**
**гробы, венки, накидки, одежда, оркестр, траурная музыка, катафалк, палатки, копка могил, блоки.**
**Бесплатная доставка по Ардонскому району.**
**ВОЗМОЖНА ОПЛАТА ПОСЛЕ ПОХОРОН.**
**Тел. 8-918-701-15-36.**
**Ардон. Валера.**


## ОПОВЕЩЕНИЕ
## о проведении публичных слушаний

Отделом земельных имущественных отношений и ЖКХ администрации местного самоуправления Ардонского городского поселения Ардонского муниципального района Республики Северная Осетия-Алания (Т. Илаев) организованы и проводятся публичные слушания по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 15:06:0030539:170.

Основанием для проведения публичных слушаний является постановление главы Ардонского городского поселения Ардонского муниципального района Республики Северная Осетия-Алания от 12.11.2025 №707 «О назначении и проведении публичных слушаний по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка».

Публичные слушания по изменению вида разрешенного использования земельного участка проводятся в следующих порядке и сроках:

15 декабря 2025 года в 11.00 (МСК) состоится собрание участников публичных слушаний по адресу: РСО-Алания, Ардонский район, г. Ардон, пл. Т.Гайтова, 2, кабинет № 22.

Целью публичных слушаний является выявление замечаний, предложений и рекомендаций по рассматриваемому вопросу.

Открытие экспозиции проекта состоится 24 ноября 2025 года в 10 ч. 00 мин. по адресу: РСО-Алания, Ардонский район, г. Ардон, пл. Т. Гайтова, 2, холл здания.

Срок проведения и посещения экспозиции проекта: с 17 ноября 2025 г. по 14 декабря 2025 г. с 09.00 до 17.00 (перерыв с 13.00 до 14.00 ) по адресу: РСО-Алания, Ардонский район, г. Ардон, пл. Т. Гайтова, 2, холл здания.

В период размещения проекта, подлежащего рассмотрению на публичных слушаниях и информационных материалов к нему, проведения экспозиции такого проекта участники публичных слушаний по проекту до 14 декабря 2025 г. включительно могут направлять предложения и замечания по проекту:

в отдел земельных, имущественных отношений и ЖКХ АМС Ардонского городского поселения Ардонского муниципального района РСО-Алания по адресу:

РСО-Алания, Ардонский район, г. Ардон, пл. Т.Гайтова, 2, кабинет № 22, тел.: (86732) 3-05-23 в простой письменной форме или в электронном виде через официальные интернет-ресурсы; посредством записи в книге (журнале) учета посетителей экспозиции проекта по адресу: г. Ардон, пл. Т.Гайтова, 2, кабинет №22, тел.: (86732) 3-05-23;

в письменной или устной форме в ходе проведения собраний участников публичных слушаний.

С проектом, подлежащим рассмотрению на публичных слушаниях, информационными материалами к нему, информацией о дате, времени и месте проведения собраний участников публичных слушаний также возможно ознакомиться на официальном сайте администрации местного самоуправления Ардонского городского поселения Ардонского муниципального района Республики Северная Осетия-Алания в сети Интернет (https://ardongorod.ru/)

Семья Пагиевых выражает благодарность соседям, родственникам, друзьям и всем, кто разделил с ней боль утраты **ПАГИЕВОЙ-МСОЕВОЙ Веры Саламовны, и сообщает, что 40-дневные поминки состоятся в понедельник, 17 ноября, по адресу: г. Ардон, ул. Бр. Дзугаевых, 181.**




РЦИ-Аланийы Æрыдоны муниципалон районы газет.
Газета Ардонского муниципального района РСО-Алания.
Основана в 1939 году.

Рухс свет

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация местного самоуправления Ардонского муниципального района Республики Северная Осетия-Алания**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания Регистрационный номер — ПИ № ТУ 15—00073 от 18 июня 2012 года как информационная, рекламная.**

**Цена свободная**

Бухгалтерия и рекламный отдел: 3-02-61.

**E-mail:** ardonruhsh@mail.ru
**Сайт:** www.ruhs15.ru

Печать офсетная.
**Тираж экз. 1282**
**Заказ № 1279**
**Объем — 1 п. л.**
**Индекс издания**

**53910**

Использование материалов и фото допускается только с письменного разрешения редакции.
При перепечатке ссылка на газету обязательна.
Рукописи не возвращаются и не рецензируются.
Редакция не несет ответственность за достоверность содержания рекламы, объявлений, публикаций на коммерческой основе и сторонних авторов.
Газета выходит 3 раза в неделю на русском и осетинском языках.

**АДРЕС РЕДАКЦИИ: 363332 РСО-А, г. Ардон, ул. Партизанская, 22.**
**АДРЕС ИЗДАТЕЛЯ:**
363332 РСО-А, г. Ардон, ул. Советов, 6, АМС Ардонского муниципального района РСО-Алания
**АДРЕС ТИПОГРАФИИ:**
362015 РСО-Алания, г.Владикавказ, пр. Коста, 11 АО "Осетия-Полиграфсервис"
НОМЕР ПОДПИСАН В ПЕЧАТЬ
по графику — в 16.30
фактически — в 16.30.

**ИНЖЕНЕРЫ-ДИЗАЙНЕРЫ**
Л.Р. Гугкаева
З.М. Кортиева
Ю.В. Певная
**КОРРЕКТОР**
Р.Х. Сохиева
**ОТВЕТСТВЕННЫЙ СЕКРЕТАРЬ**
А.Г. Бязырова

**ГЛАВНЫЙ РЕДАКТОР**
**И.Э. Калоева** (6+)